

## BAB V

### KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG RÉKOMÉNDASI

#### 5.1 Kacindekan

Ieu skripsi judulna “Ajén Budaya jeung Ajén Agama dina Naskah Kitab Mi’raj Kangjeng Nabi Muhammad saw. (Ulikan Filologi)”. Ieu panalungtikan ngagunakeun métode déskriptif analisis anu mangrupa salasahiji métode dina panalungtikan kualitatif. Téhnik ngumpulkeun data anu digunakeunna nyaéta wawancara jeung téhnik studi pustaka. Dina ieu panalungtikan dipedar ngeunaan déskripsi naskah, hasil édisi téksna, ajén budaya, jeung ajén agama dina naskah Kitab Mi’raj Kangjeng Nabi Muhammad saw. Dina ieu bab dipedar kacindekan-kacindekan anu dicangking tina ieu panalungtikan.

Naskah Kitab Mi’raj Kangjeng Nabi Muhammad saw. nu jadi sumber data dina ieu panalungtikan asalna ti daérah Banjaran, Bandung. Ieu naskah mangrupa salasahiji naskah tina mikrofilm rol 34-05 nu aya di Pusat Studi Sunda anu ditulis dina wangun prosa kalayan ngagunakeun aksara Arab Pégon tur maké basa Sunda. Ieu naskah kandelna 188 kaca. Ieu naskah nyaritakeun ngeunaan Mi’rajna Kangjeng Nabi Muhammad saw ka langit pikeun nampi wahyu mangrupa paréntah mardukeun solat lima waktu dina sapoé sapeuting sarta puasa sabulan dina bulan Ramadan.

Prosés édisi téks anu dilakukeun dina ieu panalungtikan ngagunakeun métode édisi téks standar nyaéta ngabenerkeun kasalahan-kasalahan leutik sarta éjahanna diluyukeun jeung *Palenggeran Éjahan Basa Sunda*. Sawatara hal anu diluyukeun jeung aturan dina *Palenggeran Éjahan Basa Sunda* di antarana ngeunaan cara penulisan aksara gedé saperti cara nuliskeun kecap (saperti kecap asal, kecap rajékan, kecap rundayan, kecap kantétan, jeung sajabana), sarta dina cara nuliskeun tanda baca (saperti tanda titik, koma, titik koma, titik dua, kekenteng, jeung sajabana).

Ajén budaya anu kapanggih dina ieu naskah nyaéta ajén dumasar tujuh unsur kabudayaan. Ajén-ajénna nyaéta: 1) sistem réligi ngeunaan papagon agama Islam, nu ngawengku sawatara pagawéan nu wajib jeung haram dilakukeun, larangan milampah jinah, riba, ngadahar duit anak yatim, 2) sistem kamasarakatan

nu kapanggih nyaéta ngeunaan organisasi kulawarga, saperti rama, dulur, putra, jeung sajabana, 3) sistem pangaweruh nu kapanggih di antarana pangaweruh ngeunaan alam sabudeureun (saperti taneuh, beusi, jsb), sistem pangaweruh ngeunaan fauna (saperti hayam jago jeung oray), sistem pangaweruh ngeunaan pakakas di sabudeureun (saperti tarajé, korsi, lumur, songsong, jsb), pangaweruh ngeunaan babagian awak (saperti awak, pipi, harigu, bitis, jsb), 4) sistem basa nu kapanggih ngawengku basa nu dipaké, tatakrama basa Sunda (undak usuk basa Sunda), basa nu kapangaruhan, kecap sesebutan bibilangan kecap panganteur jeung kecap anu dirarangkéntukangan –ing/-ning , 5) sistem kasenian nu kapanggih nyaéta kasenian tradisional (saperti saron, saléndro, jsb), 6) sistem pakasaban henteu pati kagambar, tapi leuwih kana pagawéan anu diparéntahkeun ku Allah (saperti tunggu panto sawarga/naraka, jsb), 7) sistem téknologi ngawengku alat komunikasina nyaéta tatalépa, dahareun jeung inumeun (bugang jeung wédang), perhiasan (geulang emas jeung cingcin emas), sarta alat transportasi nu mangrupa Buraq jeung parahu papan kayu.

Ajén agama nu kapanggih dina ieu naskah dumasar kana dasar agama, nyaéta 1) kawajiban solat, 2) kawajiban puasa, 3) mayar jakat, 4) wudu saméméh solat, 5) hukuman pikeun jalma anu maéhan, 6) hukuman pikeun jalma anu jinah, 7) hukuman pikeun jalma anu milampah riba, 8) hukuman pikeun jalma anu nyatu duit anak yatim, 9) hukuman pikeun jalma kafir, 10) nyembah ngan ka Allah, 11) anut ka Allah, 12) mu’jizat Allah, 13) malaikat Allah, 14) kitab Allah, 15) Rasul-rasul Allah, 16) ayana sawarga jeung naraka, 17) kakawasaan Gusti Allah, 18) kautamaan muji ka Allah ku cara maca basmalah jeung hamdalah, 19) kautamaan dikir ka Allah, 20) kautamaan maca salam, jeung 21) babakti ka indung bapa.

## 5.2 Implikasi

Ajén budaya dina naskah Kitab Mi’raj Kangjeng Nabi Muhammad saw. bisa dipaké pikeun ngeuyeuban pangaweruh dina widang budaya, lantaran bisa katitén rupaning hal anu patali jeung kabudayaan anu nyampak dina ieu naskah.

Ajén agama dina ieu naskah bisa dipaké pikeun ngeuyeuban pangaweruh ngeunaan sawatara hukuman di ahérat pikeun jalma anu milampah kagoréngan

nalika di dunya. Salian ti éta, ajén agama ogé bisa dilarapkeun dina kahirupan masarakat sapopoé, saperti dina cara ngadidik, sangkan milampah pagawéan anu hadé nalika di dunya.

### 5.3 Rékoméndasi

Ieu panalungtikan tangtu masih loba kahéngkérana. Tapi sok sanajan kitu, ieu panalungtikan dipiharep bisa ngeuyeuban pangaweruh kana salasihiji karya sastra titinggal karuhun. Aya sawatara rékoméndasi anu ditujukeun ka sababaraha pihak, nyaéta saperti ieu di handap.

Pikeun masarakat Sunda, dipiharep bisa mikawanoh kana naskah, lantaran naskah téh salasihiji karya sastra heubeul anu bisa méré informasi pikeun masarakat di jaman kiwari. Pikeun mahasiswa hususna mahasiswa Departemen Pendidikan Bahasa Daérah, dipiharep ieu panalungtikan bisa nambahan pangaweruh kana naskah, sarta bisa mikawanoh deui kana carita Mi'rajna Kangjeng Nabi Muhammad saw. Salian ti éta, ieu panalungtikan masih kawilang déét, ku kituna dipiharep ayana panalungtikan satuluyna sangkan bisa leuwih euyeub.